



Commonwealth of Massachusetts

EXECUTIVE OFFICE OF HOUSING & LIVABLE COMMUNITIES

Maura T. Healey, Governor ◆ Kimberley Driscoll, Lieutenant Governor ◆ Edward M. Augustus Jr., Secretary

Règleman Enfòmasyon sou dosye Delenkan Kriminèl (CORI) pou Asistans an Ijans nan Pwogram Abri Familyal la (EA)

Objektif règleman sa se pou etabli yon règleman ak pwosedi ak estandarize (“Règleman CORI”), Dapre akò 803 CMR 2.18, pou Biwo Egzekitif Lwaye ak Kominote Vivab yo’ (“EOHLC”) [Executive Office of Housing and Livable Communities’ (“EOHLC”)] Asistans an Ijans (“EA”) nan Pwogram Abri Familyal [Emergency Assistance (“EA”) Family Shelter Program] konsènan revizyon dosye kriminèl pou tout kandida ak manb nan kay la ki gen 18an oswa pi gran .EOHLC jwenn aksè a Dosye Enfòmasyon sou Delenkan Kriminèl (“CORI”) [Criminal Offender Record Information (“CORI”)] pa Sèvis Depatman Enfòmasyon Jistis Kriminèl (“DCJIS”) [Department of Criminal Justice Information Services (“DCJIS”)] pou verifiye kandida ak patisipan de Pwogram Abri Familyal la EA. M.G.L. ch. 6, § 172(a)(6); 803 CMR 2.09(2). Pratik ak pwosedi sa yo ap fèt nan respè pou CORI ak plasman nan Pwogram Abri Familyal la EA, ki gen ladan “I Pon, Kontwòl byen Rapid nan Abri yo,” ak sit “Risk Klinik epi ki Sekirize” (“CSR”) yo, epi sit “Sant Repo Tanporè (“TRC”) yo k ap sipèvize pa Biwo Egzekitif Sante ak Sèvis Moun yo. Tout pèsonèl ki otorize pou fe yon verifikasyon antededan istwa kriminèl nan EOHLC ak/oswa pou revize enfòmasyon CORI ap gen obligasyon pou revize , epi, abitye ak Règleman CORI an.

I. Fè Verifikasyon CORI

Verifikasyon CORI yo ap fèt sou tout manb fanmi k ap aplike pou Pwogram Abri Familyal la EA, ki gen 18 an oswa pi gran. Otorize pa DCJIS ak M.G.L. ch. 6, § 172 , sèlman aprè yon Fòmilè Rekonesans CORI ranpli, anplwaye EOHLC yo oswa lòt moun ki otorize pa EOHLC k ap fe DCJIS nivo verifikasyon CORI ki apwouve pa komisyonè a. EOHLC ap notifiye tout kandida ak fanmi yo ke yo ka mande pou CORI yo nenpòt moman pandan ane ke Fòmilè Rekonesans CORI a valab oswa jiskaske yo sòti nan Pwogram Abri Familyal la EA, nenpòt sa ki ta fèt avan. EOHLC ap fe verifikasyon CORI ki aksesib piblikman atravè pwosedi ki defini pa anba a.

II. Fòmasyon CORI

Tout anplwaye ki otorize pou revize oswa genyen aksè avek CORI ap gen obligasyon pou revize, epi abitye ak, materyèl edikasyon ak fòmasyon ki pètinan, konsènan lwa CORI yo ak règleman ki disponib pa DCJIS la. M.G.L. ch. 6, § 172; 801 CMR 2.00; gade tou, [iCORI training materials](#).

III. Aksè a CORI ak Lis moun ki “Bezwen Konnen” EOHLC [“Need to Know”]

Tout CORI ke nou pran nan DCJIS ap konfidansyèl, epi aksè ak enfòmasyon an ap limite a endividi ki dezinye kòm moun ki ap “bezwen konnen” oswa moun ki otorize dapre akò ak 801 CMR 2.00 pou fe verifikasyon CORI an. Endividi yo dezinye, pa egzanp, kapab anplwaye biwo domèn EOHLC yo k ap trete aplikasyon yo, anplwaye k ap fè revizyon CORI an, Divizyon Estabilizasyon Lwaye EOHLC (“DHS”) administratè k ap jere Pwogram Abri Familyal la EA, ak konseye legal yo. EOHLC ap kenbe yon lis aktyèl de chak endividi ki otorize pou wè CORI. Lis sa a aktyalize omwen yon fwa chak sis (6) mwa, oswa lè sa nesèsè, epi li ka sibi yon enspeksyon nenpòt moman DCJIS mande l. 803 CMR 2.18.

Yon jounal difizyon segondè ap kenbe pou si CORI a pataje ak nenpòt endividi deyò pwogram anrejistreman EOHLC CORI a.

IV. Fòmilè Rekonesans CORI, Verifikasyon Idantite, ak Refi/Enkapasite pou Siyen

a. Fòmilè Rekonesans CORI

Eksepte nan enstans yon aksè piblik, oswa yon rechèch aksè lib CORI,¹ tout kandida ak manb fanmi nan Pwogram Abri Familyal EA yo ki gen 18an oswa ki pi gran dwe siyen yon Fòmilè Rekonesans CORI. 803 CMR 2.11. Menm avan pou soumèt yon demand CORI pou nenpòt endividi, EOHLC dwe: (1) jwenn yon Fòmilè Rekonesans CORI ki te siyen; (2) verifiye idantite yo pou objektif CORI yo nan akò ak 803 CMR 2.11(5) (adrese nan Seksyon IV.b, anba a); epi (3) siyen epi mete dat jodia a sou Fòmilè Rekonesans CORI a ki sètifye ke idantite moun lan te verifiye.

Tout manb nan fanmi an ki gen 18 an oswa ki pi gran nan moman aplikasyon an dwe ranpli epi siyen pwòp fòmilè Rekonesans CORI yo epi bay verifikasyon idantite. Pou ranpli Fòmilè Rekonesans CORI a, endividi yo dwe bay: (1) non, tout non ki te itilize pa endividi a oswa non endividi a konnen ki kapab monte nan baz done CORI a; (2) dat nesans, tout dat nesans endividi okouran ki kapab monte nan baz done CORI a; epi (3) si disponib, sis dènye chif nimewo sekirite sosyal endividi a.

Fòmilè Rekonesans CORI a valab pou yon ane sòti nan dat siyati a oswa jiskaske yo sòti nan Pwogram Abri Familyal la, EA, nenpòt sa ki ta fèt avan an.

b. Verifikasyon Idantite

Pou verifiye idantite yon endividi pou objektif CORI yo dapre akò 803 CMR 2.11(1)(b) epi 803 CMR 2.11(5), yonn nan metòd sa yo dwe itilize.

i. Verifikasyon an Pèsòn

Yon anlwaye EOHLC, oswa yon moun ki otorize pa EOHLC, dwe revize yon fòmilè idantifikasyon legal gouvènman an bay an pèsòn. Fòmilè idantifikasyon legal sa yo ki genyen yon foto y ap aksepte pa DCJIS:

1. Yon paspò Etazini bay oswa yon peyi etranje;
2. Yon pèmi kondui nenpòt gouvènman federal, leta, oswa teritoryal Etazini bay;
3. Yon kat idantifikasyon ak yon foto ke nenpòt gouvènman federal, leta oswa teritoryal Etazini bay;
4. Yon kat rezidans pèmanan ke gouvènman Etazini bay;
5. Yon kat idantifikasyon militè ke gouvènman Etazini bay;
6. Dokiman Tribal Ameriken Natif yo; epi
7. Lòt fòmilè dokimantasyon jan sa detèmine pa DCJIS.

Si yon endividi pa genyen yon fòmilè idantifikasyon akseptab nan sa ki nan lis anlè a, EOHLC ka verifiye idantite a pa egzamine an pèsòn akdenesans oswa kat sekirite sosyal moun nan. Anplis de sa, si endividi a gen yon kat idantifikasyon oswa yon pèmi kondwi i etranje ak yon foto, EOHLC kabap aksepte l kòm verifikasyon.

Si endividi a sèlman gen yon fòmilè idantifikasyon ki ekspire epi li pa gen akdenesans

¹ CORI ki aksesib piblikman yo disponib a nenpòt manb nan piblik jeneral la sou pwodiksyon bon non ak dat nesans yon sijè.

oswa kat sekirite sosyal, EOHLC ap revize l chak ka youn pa youn pou detèmine si yo mèt aksepte l.

ii. Notè Piblik

Si idantite a paka verifye an pèsòn pa yon anplwaye EOHLC oswa yon moun ki otorize pa EOHLC, moun lan ka soumèt yon Fòmilè Rekonesans CORI ki otantifye pa yon notè piblik.

c. Refi/Enkapasite pou Siyen oswa Fè Idantifikasyon

Si yon endividi ki gen 18 an oswa ki pi gran pa dakò oswa pa kapab siyen fòmilè Rekonesans CORI a ak/oswa paka bay idantifikasyon ki nesese yo, plasman pou fanmi an ap limite kòm si yon kondanasyon pou yon Krim Grav oswa yon chaj ki annatant egziste (defini anba a nan Seksyon V.a.i.). Anplwaye EOHLC ap pwosede konsa:

1. Fè yon rechèch iCORI ki itilize enfòmasyon piblik ki disponib;
2. Si posib, detounen fanmi kandida pou abri, oswa si fanmi deja plase nan Pwogram Abri Familyal la EA, retire fanmi an avek sèvis reyoryantasyon yo, tankou HomeBASE;
3. Si posib, esyere separe endividi ki pat bay konsantman yo de rès fanmi an, epi;
4. Plase fanmi an nan abri a, oswa kenbe fanmi an nan abri a, jan sa aplikab, trete fanmi an kòm si te genyen yon manb yo te jwenn yon kondanasyon Krim Grav oswa yon chaj ki annatant nan dosye yo (diskite nan Seksyon V, anba a).

Nan akò ak Règleman Inifòm Abri a [Uniform Shelter Rules (USR)], si nenpòt manm fanmi ki gen 18 an oswa plis pa siyen Fòmilè Rekonesans CORI, sa ap avèti sòti yo.

V. Revizyon CORI a

Yon revizyon CORI ap kòmanse si yon dosye kriminèl ta tounen pandan yon rechèch iCORI ap dewoule.

a. Rezilta revizyon CORI a – Krim ki Sijè a Revize

i. Krim Grav yo

Si yon revizyon CORI revele nenpòt kondanasyon oswa chaj kriminèl ki annatant pou yon Krim Grav (defini anba a) pou yon kandida oswa yon manb nan fanmi an ki gen 18 an oswa ki pi gran, EOHLC ap pran youn nan aksyon ki anba a.

Yon Krim Grav enkli kondanasyon oswa yon chaj ki annatant nan kategori sa yo:

1. Touye yon moun nan premye ak dezyèm degre oswa sa ki egal avè l;
2. Krim ki enplike abi sou timoun oswa neglijan;
3. Krim kont timoun yo, ki gen ladan l pònografi timoun;
4. Krim ki enplike vyolans kont timoun yo;
5. Krim ki enplike abi sou madanm;
6. Krim ki enplike vyòl oswa atak seksyèl;
7. Kidnaping;
8. Dife Kriminèl;
9. Atak oswa bay kou kriminèl;
10. Krim ki lye ak dwòg nan twa ane avan sa yo;
11. Krim ki lye ak abi seksyèl epi trafik moun; epi

12. Deli oswa krim ki enplike zam, minisyon, oswa zam ki danje

Si yon revizyon CORI revele yon kondanasyon de yon Krim Grav pou yon kandida oswa yon manb nan fanmi an ki gen 18 an oswa ki pi gran, EOHLIC ap pran yonn nan aksyon anba sa yo. EOHLIC ka pa fe aksyon sa yo, sepandansi endividi a soumèt:

1. yon evalyasyon ekri pa yon pwofesyonèl kalifye nan sante mantal ki konkli a ekri ke endividi an pa poze okenn risk domaj sou lòt yo nan Pwogram Abri Familyal la EA; oswa
2. yon lèt de ofisye jistis kriminèl kandida a, ki gen ladan l yon pwobasyon oswa yon ajan pwobasyon, ki deklare ke kandida a pa poze okenn risk domaj sou lòt yo nan Pwogram Abri Familyal la EA .

ii. *Pwotokòl Aksyon pou Fanmi yo ki deja Reyini nan Abri Familyal EA la ak Krim Grav yo*

Pou fanmi yo ki deja plase nan Pwogram Abri Familyal la EA nan yon espas rasanbleman, enkli otèl epi ko-pataje yo, EOHLIC ap pran aksyon sa yo nan lòd sa ki endike a:

1. Eseye mete deyò fanmi an avek itilizasyon sèvis tankou HomeBASE.
2. Mande endividi ki gen 18 an oswa ki pi gran ki gen Krim Grav nan CORI yo pou separe de fanmi an pandan rès manb nan fanmi yo ap viv nan abri a, si posib.
3. Revize, chak ka youn pa youn, nesosite pou transfere fanmi an nan yon paramèt ki poze yon risk ki gen yon nivo ki pi ba sou lòt fanmi yo nan sistèm EA a. Revizyon an ap konsidere:
 - a. Gravite istwa kriminèl la ak potansyèl risk li poze sou rezidan EA yo;
 - b. Faktè ki diminye risk ak faktè ki ogmante risk ki gen rapò ak endividi a , ki enkli men pa limite a, nenpòt lèt ke yon pwofesyonèl sante mantal oswa jistis kriminèl bay pou afime yon diferans nan risk kriminèl konpare a dosye CORI oswa swivi dosye “Règleman Inifòm Abri” [USR] a pou endividi an pandan tan yo nan pwogram EA a jiskadat;
 - c. Faktè rediksyon risk ak agravasyon risk ki gen rapò ak plasman an, ki enkli men pa limite a, lokalizasyon fizik oswa ajansman inite abri a nan relasyon ak lòt fanmi EA yo oswa ranfòsman pèsonel pwogramatik oswa lòt mezi sekirite yo; epi
 - d. Disponiblite lòt inite abri pou plasman .

- iii. *Pwotokòl Aksyon pou Kandida yo nan Pwogram Abri Familyal EA ki gen Krim Grav*
Pou tout endividi ak fanmi k ap aplike nan EA, fè sa yo nan lòd:
1. Si posib, detounen fanmi kandida pou abri;
 2. Si posib, mande endividi ki gen 18 an oswa ki pi gran ki gen Krim Grav nan CORI yo pou yo separe ak fanmi an pandan aplikasyon rèz manb nan fanmi an ap kontinye pou abri;
 3. Revize, chak ka youn pa youn, opsyon plasman yo nan EA ki poze risk ki pi ba pou manb ki nan lòt fanmi yo nan sistèm EA a. Revizyon an ap konsidere:
 - a. Gravite istwa kriminèl la ak potansyèl risk li poze sou rezidan EA yo;
 - b. Faktè ki diminye risk ak faktè ki ogmante risk ki gen rapò ak endividi a, ki enkli men pa limite a, nenpòt lèt ke yon pwofesyonèl sante mantal oswa jistis kriminèl bay pou afime yon diferans nan risk kriminèl konpare a dosye CORI oswa swivi dosye “Règleman Inifòm Abri” [USR] a pou endividi an pandan tan yo nan pwogram EA a jiskadat;
 - c. Faktè rediksyon risk ak agravyasyon risk ki gen rapò ak plasman an, ki enkli men pa limite a, lokalizasyon fizik oswa ajansman inite abri a nan relasyon ak lòt fanmi EA yo oswa ranfòsman pèsonel pwogramatik oswa lòt mezi sekirite yo; epi
 - d. Disponibilite lòt inite abri pou plasman.

b. Rezilta Revizyon CORI a – Manda Arestasyon

Dapre akò M.G.L. ch. 23B, § 30, epi règleman ak pwosedi aplikab EOHLC yo, si revizyon CORI a revele yon manda arestasyon pou nenpòt ofans nan nenpòt tribinal nan Commonwealth la, kandida oswa manb fanmi Pwogram Abri Familyal EA pap elijib pou benefis si yo pa rezoud manda an nan 30 jou apre yo fin resevwa notifikasyon pa EOHLC. 760 CMR 67.02(11).

c. Desizyon CORI yo, Kesyonman pou yon Endividi, ak Diskisyon CORI pou Pwosesis Presizyon an

Si EOHLC swiv pwotokòl yo ki anlè a, dapre rezilta yon verifikasyon nan fon istwa kriminèl e pran nenpòt aksyon plasman negatif, endividi a ap notifiye nan akò ak règleman DCJIS yo, 803 CMR 2.16. Anplis, si EOHLC t a swete kesyone yon endividi sou rezilta CORI yo a, EOHLC dwe ba yo yon kopi CORI yo a.

Endividi an ap jwenn sa yo, swa an fòm elektwonik sekirize oswa yon avètisman pa telefòn pou di ke yo dwe ranmase papye yo konsènan ka yo a nan yon biwo domèn EOHLC:

1. Yon kopi règleman CORI sa a;
2. Yon kopi CORI yo a (amwenske yo te bay yon kopi avan); ak
3. Enfòmasyon konsènan pwosesis pou korije yon dosye kriminèl selon DCJIS la.

Endividi an ap jwenn yon opòtinite pou diskite sou presizyon dosye CORI a, atravè DCJIS la.

VI. Estokaj ak Retansyon Done yo

Estokaj, Retansyon, ak destriksyon tout rapò CORI yo, men sa ki gen yon rezilta “pa gen dosye”, ap nan akò ak règleman DCJIS nan 803 CMR 2.14, ki gen ladan:

- Kopi di oswa papye CORI yo dwe estoke nan yon lòt espas kadnase epi sekirize, tankou yon klasè. Aksè dwe limite a sèlman anplwaye sa yo ki apwouve pou aksede CORI.
- CORI ki estoke elektwonikman yo dwe pwoteje pa yon modpas epi kripte. Aksè a modpas la dwe limite a sèlman anplwaye sa yo ki apwouve pou aksede CORI.

Moun ki mande Fòmilè Rekonesans CORI yo ap kenbe yo pou yon minimòm de 1 an epi yon maksimòm de 7an sòti nan dat siyati sijè a, oswa jiskaske yo sòti nan Pwogram Abri Familyal la EA, nenpòt sa ki tafèt avan. 803 CMR 2.14.

VII. Difizyon Segondè

Tout CORI ke nou pran nan DCJIS konfidansyèl e li ka difize sèlman jan lalwa ak règleman pèmèt. Yon jounal difizyon segondè santral dwe itilize pou anrejistre nenpòt difizyon CORI deyò EOHLC, enkli difizyon sou demand kandida a.